



## Règleman pou Vizitè

Tanpri sonje politik tès depistaj ak makiyaj nou yo te chanje apre fen Ijans Sante Piblik COVID-19 la. Priyorite Sant Medikal Boston (Boston Medical Center) se sekirite pasyan nou yo, anplwaye yo ak vizitè yo. Pou nou garanti bezwen pasyan nou yo pandan n ap asire nou ke nou gen yon lopital ki an sekirite, nou pral limite vizitè yo pou yo pa antre nan sèten zòn.

### Inite pou Granmoun ki Entène ak Inite Swen Entansif

- Pasyan ki nan swen medikal oswa ki nan swen chirijikal, ki gen rezulta tès COVID yo negatif yo ap gen dwa pou yo resevwa de (2) vizitè an menm tan, ant midi ak 8 è p.m.
- Pasyan ki malad anpil yo, nan tout seksyon anndan lopital la, ka resevwa vizitè 24 sou 24/7 jou sou 7.

### Klinik k ap Mache bay Swen

- De (2) vizitè pou chak moun gen dwa vini pandan yon vizit klinik ki mache bay swen (ansanm ak Sant pou Kansè) oswa pandan yon vizit pou transfizyon.

### Pasyan ki entène nan seksyon pedyatrik/Inite Swen Entansif pou Timoun ki fenk fèt

- Pou pasyan ki nan pedyatri yo, paran yo oswa responsab legal yo ka vizite yo 24 sou 24/7 jou sou 7.
- Pou pasyan ki nan Inite Swen Entansif pou Timoun ki fenk fèt yo, vizit gen dwa fèt 24 sou 24/7 jou sou 7 men se pou de (2) paran oswa de (2) responsab legal sèlman.

### Tranche ak Akouchman

- Twa (3) moun gen dwa vini pou soutni yon pasyan pandan sejou l ap fè pou akouchman ak jou apre yo, pandan youn ladan yo kapab rete dòmi.
- Yon sèl vizitè gen dwa vini nan sal pòs-anestezi ak sal triyaj yo.
- Orè vizit nou yo se ant midi ak 8 p.m.

### Depatman Ijans

- Anjeneral, yo otorize yon sèl vizitè alafwa gen dwa antre nan Sèvis Ijans la (ED), men se enfimyè pasyan an ki dwe ba l otorizasyon.

### Sèvis Chiriji

- Yon (1) vizitè kapab akonpaye chak pasyan nan zòn y'ap tann avan-operasyon an.
- Yo ka otorize yon (1) vizitè nan Inite Swen Apre Anestezi (PACU) dapre diskresyon enfimyè'a, tou depan sitiyasyon pasyan ak inite'a
- Yo p'ap pèmèt okenn vizitè ki piti ke 18 lane nan zòn swen pasyan nan IPP'a.

### Pou tout Vizitè

- Tout vizitè ki poko gen 14 lane dwe toujou akonpaye ak yon granmoun.
- Li obligatwa pou tout vizitè gen yon lésé-pasé pou kapab vizité nenpòt pasyan nan nenpòt etaj, epi lésé-pasé 'a dwe vizib pandan tout vizit la. Ou dwé resevwa yon nouvo lésé-pasé chak jou ou vizitè yon pasyan.
  - Li obligatwa pou tout vizitè montre yon pyès idantite pou yo ka genyen yon lésé-pasé. Si ou pa gen yon pyès idantite, yo ka pran yon foto'w epi ajoute li nan lésé-pasé vizitè ou a.
- Tout moun ki malad (lafyèv, tous, souf kout, gòj fè mal, frison, doulè nan misk oswa moun nan fenk kòmanse pa ka pran gou oswa pa ka pran sant anyen) pa gen dwa vin nan vizit.